



## Konsèy pou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo

Mizajou 9 Dawout 2021

### Apèsi

Objektif dokiman sa a se pou bay gid sou vizit pou Pwogram Rezidansyèl Depatman Sèvis Developmantal la (DDS). Gid sa a ranplase epi anile tout ansyen gid sou vizit ke DDS la te pibliye.

### Gid

Pwogram yo dwe retounen nan pratik ak politik sou vizit anvan pandemi an avèk eksepsyon sa yo:

- Vizitè yo dwe kontwole anvan yo antre nan kay la. Tout vizitè ki genyen sentòm enfeksyon COVID-19 yo, yon dyagnostik pou COVID-19 nan 10 dènye jou yo, oswa ki nan kontak pwòch avèk yon moun ki genyen enfeksyon COVID-19 14 jou anvan yo (san konsidere sitiyyasyon vaksinasyon vizitè a) p ap otorize antre.
- Byenke vaksinasyon vizitè yo ka ede anpeche pwopagasyon COVID-19 la, vizitè yo pa dwe genyen obligasyon pou fè tès oswa pou pran vaksen an (oswa pou montre prèv sa yo) kòm yon kondisyon pou vizit.
- Anviwònman yo dwe konsève yon dosye chak jou ki genyen non ak enfòmasyon kontak pou tout vizitè yo.
- Mezi ak politik ki apwopriye pou sekirite, swen ak kontwòl enfeksyon dwe an plas pou tout vizit.
- Yo pral redwi vizit yo si rezidan an te gen yon dyagnostik pou COVID-19 nan 10 dènye jou yo oswa si yo sipoze ke li pozitif. Epitou yo pral redwi vizit yo si genyen yon eksplozyon COVID-19 nan anviwònman an.
- Pwogram yo dwe fè fanni ak/oswa gadyen yo konnen machaswiv vizit yo epi yo dwe kontinye ogmante vizit an pèsòn yo pandan y ap soutni tantativ fanmi ak gadyen yo pou fè vizit adistans ak itilizasyon teknoloji, ki genyen ladan apèl telefonik ak apèl vidyeo.
- Vizitè yo dwe mete mask tout tan lè yo anndan.
- Vizitè ki resevwa tout vaksen yo kapab retire mask yo lè yo deyò.
  - Yo defini moun ki resevwa tout vaksen an kòm moun ki gen 14 jou oswa plis aprè dènye dòz yo a. Nan yon seri ki genyen 2 dòz, tankou vaksen Pfizer oswa vaksen Moderna a, moun nan resevwa tout vaksen an 14 jou oswa plis aprè dezyèm dòz li a. Aprè yon vaksen ki genyen yon sèl dòz, tankou vaksen Johnson & Johnson Janssen lan, moun nan resevwa tout vaksen an 14 jou oswa plis aprè yon sèl dòz la.
- Rezidan ki te resevwa tout vaksen an kapab vizite moun pwòch yo ki te resevwa tout vaksen an san mentni distans sosyal, si yo vle.
- Gid la kapab chanje jan Depatman Sante Piblik Massachusetts la oswa komisyón sante lokal yo egzije sa.